*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 20 (7390) РУЗМАН 17 май 2024 сон

12+

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУЛАГО

## Россиялъул бахIарчиясул барки



Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабиялда бан районалде хIалтIул сапаралъ щвана Республикаялъул хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ советалъул секретарь Россиялъул БахIарчи МухIамад БагIачилов.

Районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевгун цадахъ МухIамад БагIачилов щвана цо-цо росабалъе ва хал гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразе памятниказул. Магъар росулъ гьез гIахьаллъи гьабуна памятникалда цебе Бергьенлъиялъул къоялде тIобитIулеб байрамалда. Гьезие дандчIвай гьабуна поселениялъул бетIер Булат Химеловас, школалъул директорас, мугIалимзабаз, цIалдохъабаз ва ясли ахалъул лъималаз.

МухIамад БагIачиловас магъарисезда баркана тIаде щолеб Бергьенлъиялъул къо. Гьарана ВатIан бокьулеллъун лъимал гIезаризе таваккал, сахлъи ва нилъер гIолохъабазе СВОялдаса сахсаламатго рокъоре руссин.

ИРГАДУЛАБ ШАПАКЪАТ

## СагIидие Суворовасул медаль

Нилъер ракьцояв, гьаб заманалда СВОялда хъулухъ гьабулев, Муккукь росулъа



ХIасанхIусейнов СагIид Суворовасул медалалъе мустахIикълъана.

ХIасанхIусейнов СагIид ГIабдулгIазизович гьавуна 1994 соналъул 25 июналда. Байбихьул школаги гIагараб росулъ лъугIизабун, цIалана Магъар гьоркьохъеб школалда. Хадув СагIид цIалана Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул институталда.

ТIадегIанаб лъайги щун,





2015 соналъ СагIид ана ВатIаналъе хъулухъ гьабизе Ростовский областалъул Новочеркасск шагьаралде. Гьелдаса хадуб хъван контрактгун хъулухъ гьабуна жеги кIиго соналъ. 2022 соналъул сентябралда мобилизациялъ ахIун СВОялде витIана.

Дагъав цевегIанги рагъухъан мустахIикълъана «Рагъулаб тIокIлъиялъухъ» медалалъе.

Гьарула СагIидиеги киналго рагъухъабазеги бергьенлъиги босун сах-саламатго тIадруссин. Баркала гьесие бахIарчилъиялъухъги ВатIаналдехун бугеб рокьиялъухъги.

ХIУРМАТИЯБ КЪОНО

## Цо мунги хутIичIо, хирияв Шагьав!



ЦIуриб хIурматияб куцалда тIобитIана Дагъистаналъул халкъияв артист Шагьав ГIабдурахIманов ракIалде щвеялъе мемориалияб къоно рагьиялъул данделъи.

ЦIар рагIарав артист гIемер цеве вахъараб, гIумруялъул ахирал соназде щвезегIан гьес тIаде бачIунеб гIел куцараб культураялъул кIалгIаялъул къедалда рекъезабуна ракIалде щвеялъулаб къоно.

ХIикматав артист, гьайбатав инсан кIодо гьавизе данделъана гIемераб гIагарлъи, гьалбал, районалъул нухмалъулел ва цогидалги жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби.



Лъай кьеялъул ва культураялъул отделалъул начальник Шамиль МустIапаевас данделъи рагьулаго бицана Шагьав ГIабдурахIмановасул хIакъалъулъ.

«КIудияб творчествоялъул жиндир тIокIаб гьунаралъе тIадегIанаб цIарги шапакъаталги щварав артист гуревги, Шагьав вукIана унго-унголъун ВатIанги бокьулев хIакъикъияв магIарулавги», - ян абуна гьес.



«Шагьав лъалареврги гьев вокьулареврги чи ватизе захIмалъила ЧIарада районалда гуребги Дагъистаналдагоги. Спорталъул рахъалъ спортсменаз районалъул цIар борхараб гIадин, маданияталъул рахъалъги борхана цIар рагIарал кочIохъабаз. Кибго къимат гьабулаан гьозул, гьезда гьоркьов Шагьавги. Жакъасеб тадбирги буго цIар рагIарав кочIохъанасул гьуналъе нилъеца кIудияб къимат къезелъун тIобитIулеб. Гьев гьунар тIокIав кочIохъан кидаго ракIазулъ хутIила гьесул творчество бокьулел гIадамазе», - ян бицана жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас.





Гьединго данделъиялда Шагьасул хIакъалъулъ бицун цере рахъана гьесул тарбия щварал ва цадахъ хIалтIарал культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Муртуз ГIалиев ва Дагъистаналъул халкъияв артист Абакар Жамалудинов.

Шагьав чанцIулго бихьиназул хоралда цадахъ гIахьаллъана Кремлиялъул съездазул кIалгIаялда, 90 соналде ваханиги кIудияб шавкъгун пандурги хъван кучIдул ахIулаан гьес.

ЦIар рагIарав артистасул гIагарав чи Шагьрудин Шагьовас кIудияб баркала загьир гьабуна гьаб ракIалде щвеялъулаб тадбир гIуцIизе квербакъаразе ва хасаб баркала кьуна районалъул нухмалъиялъеги Шамиль МустIапаевасеги мемориалияб къоно рагьиялде хIадурлъиялъухъ. Къоноялдаса ххам бахъизе хIурматияб изну къуна МухIамад ГIумаровасеги Шагьасул васасул вас Арсен ГIабдурахIмановасеги.

Гьеб тадбир 9 маялда хурхун гIуцIиялъе цоги гIилла букIана. Гьеб къоялъ 1927 соналда гьавуна халкъияв артистги.

2022 соналъул 22 декабралда районалъул депутатазул Собраниялъул хIукмуялда рекъон ЦIуриб бугеб культураялъул кIалгIаялъе Дагъистаналъул халкъияв артист Шагьав ГIабдурахIмановасул цIар къуна.

ОМВД РОССИИ ПО ЧАРОДИНСКОМУ РАЙОНУ ИНФОРМИРУЕТ

# Изменения в миграционном законодательстве

Частью 7 статьи 13.3 Федерального закона от 25 июля 2002 г. № 115-ФЗ «О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации», определено, что в течение двух месяцев со дня выдачи патента иностранный гражданин обязан представить лично, либо направить почтовым отправлением с уведомлением о вручении, либо направить в форме электронного документа с использованием единого портала государственных и муниципальных услуг в территориальный орган федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел, выдавший патент, уведомление об осуществлении трудовой деятельности.

Форма и Порядок подачи уведомления об осуществлении трудовой деятельности иностранным гражданином или лицом без гражданства, получившим патент в территориальный орган МВД России, выдавший патент, утверждены Приказом МВД России от 05.09.2023 № 655.

Согласно подпункту 4 части 22 статьи 13.3 Федерального закона от 25 июля 2002 г. № 115-ФЗ «О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации», патент иностранному гражданину не выдается и не переоформляется, а выданный патент аннулируется территориальным органом федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел, в случае непредставления уведомления и копии трудового договора или гражданско-правового договора на выполнение работ (оказание услуг).

# ОМВД России по Чародинскому району напоминает жителям о возможности получения госуслуг без потери времени и качества

С 1 октября 2011 года в рамках реализации требований Федерального закона от 27 июля 2010 г. № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» МВД России приступило к предоставлению государственных услуг и функций в упрощенном порядке. В настоящее время гражданину для получения государственной услуги от МВД России требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках. Граждане, имеющие доступ к сети интернет, могут воспользоваться всеми преимуществами быстрого и бесконтактного документооборота и получить необходимые услуги без потери времени и качества. Зарегистрировавшись один раз на сайте www.gosuslugi.ru, Вы получите доступ ко всем услугам портала, в том числе и тем, которые оказываются МВД России.

Перечень предоставляемых ОМВД России по Чародинскому району государственных услуг:

1. Проведение добровольной государственной дактилоскопической регистрации – 8-903-423-16-11 (Дактилоскопическая регистрация граждан Российской Федерации, способствует оперативному решению таких задач как поиск пропавших лиц и лиц, объявленных в розыск, установление личности лиц, не способных по состоянию здоровья либо возрасту сообщить данные о своей личности, установление личности неопознанных трупов).
2. Замена паспорта, регистрация и снятие с регистрационного учета по месту жительства (пребывания) граждан РФ - 8-963-421-35-11

Порядок предоставления государственной услуги размещен на официальном сайте МВД по РД www.05.mvd.ru

Замена паспорта РФ через портал гос. услуг не отличается сложностью. Необходимо просто зайти в личный кабинет и подать заявление установленной формы, приложив к нему электронный пакет документов.

Таким образом, обращаясь через портал госуслуги сокращаются сроки предоставления услуг, уменьшаются финансовые издержки граждан, ликвидируются бюрократические проволочки вследствие внедрения электронного документооборота, снижаются коррупционные риски, снижаются административные барьеры и повышается доступность получения государственных и муниципальных услуг.

**Преимущества получения госуслуг в электронном виде:**

- круглосуточная доступность;
- получение услуги из любого удобного для вас места;
- доступность сервисов по регистрационным данным портала;
- нет необходимости ждать письменного подтверждения;
- получение всеобъемлющей информации по интересующей вас теме;
- отсутствие очередей;
- присутствие службы поддержки;
- встроенная система оплаты;
- отсутствие коррупции, т.к. заявитель не обращается напрямую в ведомство для получения услуги;
- фиксированный срок получения услуги;
- возможность обжалования результатов получения услуги.

Портал государственных услуг Российской Федерации можно найти по адресу gosuslugi.ru.

*Начальник МП ОМВД России по Чародинскому району*
*И.М. ЯРБИЛОВА*

ПРОКУРАТУРА ИНФОРМИРУЕТ

# За нарушение миграционного законодательства может последовать уголовная ответственность

Уголовным кодексом Российской Федерации (далее – УК РФ) предусмотрена ответственность за фиктивную регистрацию гражданина России по месту пребывания или по месту жительства в жилом помещении и фиктивную регистрацию иностранного гражданина или лица без гражданства по месту жительства в жилом помещении (ст. 322.2 УК РФ), а также за фиктивную постановку на учет иностранного гражданина или лица без гражданства по месту пребывания в РФ (ст. 322.3 УК РФ).

Под фиктивной регистрацией законодатель понимает совокупность следующих условий:

представление в органы регистрационного (миграционного) учет заведомо недостоверных сведений или документов для регистрации;

отсутствие у регистрируемых лиц намерения пребывать (проживать в данном помещении);

отсутствие у собственника или нанимателя жилого помещения намерения предоставить это жилое помещение для пребывания (проживания) регистрируемых лиц, для иностранного гражданина или лица без гражданства, фиксация факта его нахождения в месте пребывания по адресу организации, в которой данное лицо в установленном порядке не осуществляет трудовую или иную не запрещенную законодательством России деятельность.

Преступления, предусмотренные ст. ст. 322.2, 322.3 УК РФ, считаются оконченными с момента фиксации органами регистрационного (миграционного) учета вышеуказанных фактов, относятся к категории небольшой тяжести и влекут наказание в виде штрафа от 100 000 до 500 000 рублей, а также в виде лишения свободы сроком до 3 лет.

# Каков порядок обеспечения инвалидов техническими средствами реабилитации?

Обеспечение инвалидов техническими средствами реабилитации (ТСР) и протезно-ортопедическими изделиями осуществляется в соответствии с постановлением Правительства РФ от 07.04.2008 № 240 «О порядке обеспечения инвалидов ТСР, отдельных категорий граждан из числа ветеранов протезами (кроме зубных протезов), протезно-ортопедическими изделиями».

Потребность в ТСР определяется исходя из индивидуальных программам реабилитации или абилитации инвалидов, разрабатываемых федеральными государственными учреждениями медико-социальной экспертизы, а также заключений об обеспечении протезами, протезно-ортопедическими изделиями ветеранов, выдаваемых врачебными комиссиями медицинских организаций, оказывающих лечебно-профилактическую помощь ветеранам.

Право инвалида на компенсацию стоимости самостоятельно приобретенного им ТСР возникает только в том случае, если он приобрел его на основании рекомендаций, установленных ему индивидуальными программами реабилитации или абилитации инвалидов, или заключения.

Для реализации своих прав на обеспечение ТСР необходимо подать соответствующее заявление (с приложением документов), форма которого утверждена приказом Фонда социального страхования РФ № 256 от 16.05.2019.

Подать заявление на предоставление государственной услуги по обеспечению ТСР возможно через личный кабинет на Едином портале государственных и муниципальных услуг http://www.gosuslugi.ru), через многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг, а также в филиале Отделения фонда пенсионного и социального страхования РФ по месту жительства.

БЕЧЕДАБ ВА ЛЪИКIАБ ТАРИХ

# Библиотека: сон, жакъа, метер

Районалъул муниципалияб библиотекаялъул буго бечедаб тарих, лъикIаб материалияб хьезаби ва гьункараб коллектив. Библиотекаялъ тIадчIараб, пайдаяб хIалтIи гьабулеб буго гIадамазул культуриябгун гIадатияб даража щулат гьабиялъе, тIахьазул малъа-хъваяздаса, цIалиялдаса лъай ва тарбия щвеялъе бичIчIи кьеялъул иш гIуцIиялъе.

Районалъул библиотекаялда хIалтIулел махщелчагIазул къадар бахъуна 12 чиясде. Фондалда буго кинабниги 18193 тIехь. ЦIалдолезул къадар дагь-дагьккун цIикIкIунеб буго, гьеб бащалъула 1016 чиясде. Библиотекаялде рачIуна батIи-батIиял гIумруялъул гIадамал, бищун цIакъал ва библиотекаялъе кумек щолеллъун ккола школлъимал. Гьединго рачIуна киналго хьулухъазул специалисталги. ТIахьал цIалулезул къадар цIикIкIинабиялъе библиотекаялъул хIалтIухъаби щола школазде, учреждениязде ва организациязде. ЦIалдолезул тIалабазда рекъон, библиотекаялъ росула щибаб соналда тIаде цIи-цIиял тIахьал. Араб соналъул хIасилазда рекъон библиотекаялда тIахьаздехун бугеб бербалагьи бахъуна 0,78%, цIали – 13,9%, гьенире щвей – 15,3 %.

ЦIалдолезул кьойидаса кьойиде цIикIкIунеб буго библиотекаялъулгун бухьен. Гьезул интерес борхиялъе, бичIчIи буголъи борхизабиялъе, общественниябгун хьулухъалъул жигарчилъи цIикIкIинабиялъе библиотекаялъ планалъулаб кьучIда тIоритIула батIи-батIиял, хIасил кьолел тадбирал: акциял, конкурсал, дандчIваял, викторинаби, тематикиял вечерал, библиотекаялъул дарсал, тIахьазул выставкаби, гургинаб стол ва цогидалги тадбирал.

Библиотекаялъ жидерго хIалтIи гIуцIун буго батIи-батIиял рахъаздаса: патриотияб, экологияб, край лъазабиялъулаб, правовияб, эстетикияб, нравственнияб тарбия щвеялъулаб, тIехь пропагандировать гьабиялъулаб, гIадамазул рукIа-рахьин берцин гьабиялъулаб кьучIалда. Гьел рахъаздаса хIалтIи щвалде щун гьабиялъе библиотекаялъул унго-унгояб бухьен буго районалъул учреждениязул нухбихьизабулезулгун.

Библиотекаялъ гьоркьоса кьотIичIеб бухьен чIезабун буго хIалтIи цебетIеялъе гIоло лъай кьеялъул ва маданияталъул отделалъул начальник Шамиль МустIапаевасулгун, ЦРБялъул бетIерав врач Къурбан Рамазановасулгун, Асад МухIамадовасулгун, Аминат Ярбиловалъулгун, ХIасан Хизрибековасулгун, Мухтар ГIалиевасулгун, Шамиль МухIамадовасулгун ва «ЕИС» МБУялъул хIалтIухъабазулгун. Жидерго планал, тадбирал дандраллаго кьучIое росула гьезул пикраби, предложениял, церелъеял. Гьединаб цадахъаб хIалтIул хIасилалги лъикIал ккол руго, гIадамазул разилъиги букIунеб буго.







ТIоритIарал тадбиразулъ бихьулеб кIудияб бутIа араб соналда букIана Халкъияв поэт Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялда хурхараб. Гьединан тIобитIана литературиябгун музыкалияб тадбир, гIуцIана видеоролик Р. ХIамзатовасул гIумруялда ва творчествоялда хурхараб, фото-видеоархив кIудияв шагIир ЦIуриб росулъе вачIиналъул ва гьесул районалъулгун букIараб бухьеналъул, лъикIго тIобитIана флеш-моб «Язык – душа народа», «Поэзиялъул кьо» «ВачIана дун 100 соналдасан», тIоритIана кучIдул рикIкIиялъул, лъималаз суратал рахъиялъул конкурсалги.

Библиотекаялъул хIалтIухъабаз жигараб хIалтIи гьабуна лъазабураб педагогазул ва насихIатчагIазул сон тIобитIулаго, Россиялъул педагог Д. Ушинскиясул 200 сон, районалъул цIар рагIарав шагIир ГIумархIажи Шахтамановасул 90 сон, районалдасан бахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул 100 сон тIубаялда хурхунги.

Гьоркьоса кьотIи гьечIеб хIалтIи гьабула СВОялда гIахьаллъарал гIолохъабаздехун, гьезул хьизаназдехун, хасаб бакI хIалтIулъ ккола рагъда чIварал рагъухъабазул хьизаназулгун бухьен букIинабиялъ. Библиотекаялда гIуцIун руго гьеб рахъалде руссарал стендал, альбомал, цIалдолез гьезде кIудияб кIварги буссинабулеб буго.

РекIее кIудияб асар гьабулеллъун лъугьун руго щибаб соналда тIоритIулел тадбирал «Героями не рождаются, героями становятся», «День неизвестного солдата» «Солдат без званий и наград», акция «Мой защитник Отечества». Гьединал тадбиразда гIахьал гьарула школлъимал, росдал гIолохъанлъи, борхизабула патриотикияб тарбия кьей.

Библиотекаялъул хIалтIулъ бихьулеб бакI ккола правовияб тарбия борхизабиялъ. Гьеб рахъалде руссун тIоритIана гIадлу-низам цIунулезулгун дандчIваял, кIалъа-басаял, «Россиялъул кьо», «Халкъазул цолъиялъул кьо», байрамал «Россиялъул байрахъалъул кьо», РФялъул ва ДРялъул конституциязул кьоял. Библиотекаялъе лъикIаб кумек щола полициялъул, судалъул хIалтIухъабаздасан.

ЦБСалъул хIалтIухъабаз бажарун хIалтIизарула интернет-ресурсал ва СМИ. Щибаб тIобитIараб тадбиралда хурхараб информация жиндир заманалда щвезабула цIалдолезухъе.

КиналгIаги ВатIаналда тIоритIулел байрамал, кьоял, юбилеязул, социально-экологическиял, профессионалиял, политикиялгун просвещениялъул тадбиразде гьорлъе жубала библиотека ва берцинго гьел тIуразарула. Гьединаздаса ккола Бергьенлъиялъул кьо – 9 май, Сталинградалда, Кавказалда, Ленинградалда Советияб Армиялъ росарал бергьенлъаби, ХъахIаб росулъа МахIмудил 150 сон тIубай, ГIабдула Дагановасул 83 сон тIубай, Россиялъул цIиял регионазда бугеб ахIвал-хIал, Халкъазда гьоркьосеб хьизаназул кьо, ГIумру кIодолъарал гIадамазул кьо, музеязул, театразул кьоял, «ТIехь цIалдолезул гьудул», «ЦIалдолезул хьизан» ва гIемерал цогидалги тадбирал.

Гьеб кинабго хIалтIи данде бачун, хайир кьоледухъ тартибалда тIоритIула библиотекаялъул хьулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей **Равзат Расуловалъ,** щвалде щун цIалдолезул тIалабал тIуразариялъул ва тIахьазул фонд цIикIкIинабиялъул хIалтIи гIуцIула **Шамсият Мусаевалъ.** Библиотека берцинго къачIан, фотостендал, альбомал, плакатал, батIи-батIиял тематикиял бокIнал, тIахьазул выставкаби рекъезарун жиндирго тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразарула **Тахмина ГIумаровалъ.** ХIалтIулъ жигарчилъи, махщел, жавабчилъи бихьизабула **Саида Абакаровалъ** ва цогидазги.

ТIадчIараб хIалтIи ва гIемерал тадбирал гьарулел руго гьабсагIаталдаги библиотекаялда. ЛъагIалил планалда рихьизарун руго 90-ялдасан цIикIкIун тадбирал, гьездасан кIудияб 60 тадбир. Библиотекаялъул хIалтIи гIуцIун буго планазул кьучIда, гьаризе кколел тадбирал рикьун руго моцIазде ва анкьазде, чIезарун руго планал тIуразариялъе халккевеял, кьолел руго рекомендациял, гьарулел руго хIалтIи цебетIеялъул мурадалда малъа-хъваял.

Дагъал цере кьоязда районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон библиотекаялъул директорлъун тIамун вуго Халикъов Назирбег Баширович. ЦIияв нухмалъулесул бихьула хIалтIи гIуцIиялъе гьира. Гьес тIаделъун лъазарулел руго хIалтIул хаслъаби, цIиял къагIидаби хIалтIизари ва чIезабулеб буго коллективалда жаниб цолъи ва цоцазе кумек гьабун хIалтIи гIуцIи. Библиотекаялъул хIалтIухъабаз цIияв директор лъикIго къабул гьавун вуго. Гьез гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби ва божун руго хадубккунги хIалтIи лъикI букIиналда.

***Къасум ЧАХИЕВ***

БАЙРАМАЗУЛ ХIУРМАТАЛДА

# ЦIулда: гIолилазул данделъи

Маялъул байрамазул хIурматалда ЦIулда росулъ тIобитIана районалъул тIолалго росабалъа гIолилалги, гьединго МахIачхъалаялдаса, Гъизляралдаса, Алмалоялдаса ва цогидалги бакIазда гIумру гьабулел ЦIулдисезул гIолохъабиги гIахьаллъараб рохалилаб байрам. Мажлис нухда бачана ИсмагIил ИсмагIиловас ва МухIамадрасул Абакаровас.

Гьениб кIалъай гьабуна динияв гIалимчи МухIамад Сулеймановас. Гьес тIадчIей гьабуна гьаб лъикIаб, диналъе тIубараб ихтияр кьураб заман гIадада биччачIого ахираталде цIакъ хIадуризе ккеялда. КиналгIаги диналъ гьукъарал жалги рехун тун исламалъул нух кквеялде ахIана гIолилал. Гьединго кIалъазе рахъарал цогидазги гIемерал пайдаял малъа-хъваял гьаруна тIаде гIолел гIолохъабазе.

Хадуб байбихьана спорталъул къецал. Бищун цебе букIана чIорбутI речIчIи. Гьениб тIоцебесеб бакIалде вачIана Гъочоб поселениялдаса ГIабдулкъадир ГIумаров. КIиабилеб бакI щвана ГIириб поселениялдаса Жамал МухIамадовасе ва лъабабилеб бакIалъе гIей гьабуна Мугурухъ поселениялдаса ГIабас ГIалиевас.

Бергьаразда гьоркьор тIоцебесеб бакI ккурасе 30 азарго, кIиабилеб бакIалде вачIарасе 20 азарго ва лъабабилеб бакI ккурасе 10 азарго гъурущ гIарцулал сайгъатал кьуна.

Данделъаразе хасго лъикIаб асар гьабуна гьенире жидерго мотоциклалгунги рачIун рекеризе риччарал гIолохъабаз. Гьеб пробегалда гIахьаллъана 15 гIолилав.

Цойги гIажаиблъизе ккараб лъугьа-бахъин букIана ЦIулда росдада аскIоб бугеб «Кьили магIарде» гIолилаз мотоциклазда рекIун сапар гьаби. Гьанже гьеб мегIералда цIар буго «Шамилил хъала» абун. 1850 соналда Шамиль имамас МухIамадтIагьирие буюрухъ кьун буго гьеб магIарда мажгит базе, лъим бачине ва борхатаб си базе. Гьенибе хIама-чуялъе гурони нухги гьечIо. ГIолилал рахана магIарде тIаде ва чIван гьенир байрахъалгун нахъги руссана. Мажлисалъул тIолалго гIахьалчагIи хIайран гьаруна гьел лебалал гIолилазул гьунаралъ. Гьезие киназго хьатги чIвана.

Байрам гIуцIараб къагIидаялда ва аваданго ана.

*ХI. ГIУМАРОВ*

## Авар кицаби ва абиял

БацIцIадаб меседалъ гIор бахунареб, гIамал гьечIей ясалъ росу толареб.

Бачидаго лъалебила оц лъугьунеб жо.

Бачидаса гIададаб жо гьечIеб, гIорцIмадаса капураб жо гьечIеб.

Бачил жаваб – гIакдаца.

Бачида босараб гIамал гIакдада толареб.

БачитIа бечелъиги гьабе, оцотIа оцлъиги гьабе.

БачIанила дард – давуданила дир лал, бакканила багIарбакъ – бокъанила дир лал.

БачIиналъул хIисаб хаслихъе гьабе, хутIаралъул хIисаб ихдал гьабе.

БачIинеб-бачIинареб лъалареб гIурус, бачIинчIого букIунареб хасел.

Кици бижун буго Шамилил къуват дагьлъизе лъугьараб, магIарухъе гIурус гIагарлъараб заманалда. ГIурусаз щущахъ биххизабизе магIишатго щай гьабилебан, хасалие хIадурлъи гьабиялде ракIгIо баларого, рукIун руго росабазул гIадамал. Гьеб мехалъ цо гIакъилав херав чияс абун руго, букIинебищбукIинаребищали лъалареб жоялда бан, букIинчIого чара гьечIеб жо гьабичIого тоге абураб магIнаялда кицилъун тIиритIарал гьадал рагIаби.

БачIинилан къо бачIунареб, ккелилан чияде кколарел.

### АТТЕСТАТ БИЛУН БУГО

ГIириб гьоркьохъеб школалъ 1999 соналда ГIабдулаева Сиянат ЗайнулгIабидовнаялъул цIаралда кьураб аттестат А № 6741863 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

### АТТЕСТАТ БИЛУН БУГО

Арчиб гьоркьохъеб школалъ 1994 соналда Шапиева Залму Жамаловнаялъул цIаралда кьураб 9 класс лъугIиялъул аттестат А 176584 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

КЕПАЛ ХАРБАЛ

### КЪУРАХIИЛ ПИКРУ

ТIоцебесеб нухалъ шагьаралде щварав КъурахIица, троллейбус бихьигун, пикру гьабун буго:

- ЦIакъ лъикIаб иш ургъун буго хIукуматалъ гьал автобусал кваразда рухьин, кьвегIал рейсал гьаричIого рукIине, - абун.

### ДАЛАЛАЙГИ, АЛЛАЛАЙГИ

Росулъго машгьурав кочIохъан ва махсарочи МухIамадшапигI унтун вугин рагIун ваккизе арав ГIалил МухIамадхIажияс абун буго:

- БахIараб мехалъ «далалай» ахIун, гьанже вуго гурищ «Аллалай» ахIулев, МухIамадшапигI, - ан.

### ГЬОБОДУЛ МУГЪ ХУН БУГО

ЦIулал устар Гъазибегас мадугьаласда гьарун буго рохьобе бачине хIама биччейилан.

ХIамида барахщарав мадугьалас абун буго: «Валлагь хIамил мугъ хун бугин, букIинчIебани, биччазе букIанилан.

Гьелдаса мехго иналде мадугьал вачIун вуго Гъазибегихъе гIаштIи гьабитIа кквейилан. Гъазибегасги жаваб кьун буго: «Валлагь, гьободул мугъ хун буго, мугъ хун букIинчIебани, кквезе букIана», - ян.

### РУЦIУН ЦIУЛАЛ ГЬАРУН ТОЛА

ЦIулал устар Дахдул ГIабдулица, чIужуялъ гьелги долги мисалалъеги рачун, рокъоб хIалтIи гьабулеб гьечIилан бадибчIвай гьабидал ГIабдулица абун буго: «Гьел гIадинал гIадамал дица руцIун цIулал гьарун тола», - ян.

### ХЬИТАЛГИ РЕТIУН КЬИЖУН ВУКIАРАВ АНИ

ГодекIаниб ГIалимирзаца бицунеб букIун буго къаси макьилъ бихьанин хIатIида заз къан, гьелъ хIинкъун ворчIизавурав рогьинегIан макьуги тIурун хутIанилан.

Гьенивго гIодов чIун вукIарав ДибирхIажияс велъанхъулаго абун буго:

- Хьиталги ретIун кьижун вукIарав ани, расниги букIинароан, ГIалимирза, - ян.

### ГЪАЗИМУХIАМАДГИ МАЛИКУМАТГИ

Жиндирго рокъов унтун вегун вукIарав ГъазимухIамадихъе ваккизе вачIун вуго гьесул чIужуялъул эмен ХIамзат.

БецIаб рокъосан хьахIаб мегежгун, хьахIаб ретIелги ретIун, бигьа гьавун жиндихъе вачIунев чи вихьаравго ГъазимухIамадида ккун буго гьев жиндир рухI бахъизе вачIунев маликумат вугилан.

Сахлъизе букIараб хьулги тIубачIеблъи бихьун,



гьедигIан ракIалда гьечIого вачIарав маликуматасде цциниги бахьун, ГъазимухIамадица абун буго:

- Ма босе дуего рухIги, гьел гьетIарал махIабиги росун, хехго дир рокъоса къватIиве а, - ян.

### ГЪАЗИМУХIАМАДИЛ ТIИЛ

ГъазимухIамад вукIун вуго къо хIехьолев, хIал-квер бугев чи, гьелъ гьев чанахъабаз чIвараб чан магIардаса росулъе баччизе цадахъ вачуневги вукIун вуго, щвараб чанил бутIаги бащад гьабун.

Чанго нухалъ тIатIалаго чание битIги ккечIого, свакан, вакъун рукъове вуссарав гьес, лъадухъе кьезе жоги батичIого, жинцаго цадахъ чанабе босулеб тIил бегьун буго:

- Меседо, мая гьаб дир тIил духъе, дуца гьаб цойги нухалъ дун гьадал Идрисилал абун, АхIматIханисулал абун чанахъабазда цадахъ анани, дир гьаб гIадалаб ботIрода тIад бекизегIан кьабе, - йилан.

### КИЛЩИЕ ГЬАБУРАБ ГIАДЛУ

Цо нухалда, къед балев вукIарав ГъазимухIамадил квартIа ракIалдаго гьечIого жиндирго килщида тIад щун буго.

Мун щай кидаго квартIида гьоркь бегизе унебилан гьес бугеб къуваталда гьебго килщида тIад кIиабизеги кьабун буго квартIа, дуе гьедин бокьун батани, ма босе гьабгийилан.

Хадуб ГъазимухIамадица бицунаан, тIокIалъ киданиги гьеб килищ тIад щвезе чIечIилан.

*ХIабиб ДАВУДОВ*

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор**
МухIамадова Земфира Жамалудиновна
**Жавабияв секретарь**
Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор**
Манарша Расулова
**Корреспондент**
ПатIимат АхIмадова
**Редактор-стилист**
Аминат ГIабдурахIманова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева

**Газета гIуцIарал:**
**«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:**
**Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***